

UNIONDALE UNION FREE SCHOOL DISTRICT

933 GOODRICH STREET, UNIONDALE, NEW YORK 11553-2499

Website: <http://district.uniondaleschools.org>

BOARD OF EDUCATION

CHARMISE P. DESIRÉ, President
NEVILLE G. GEORGES, Vice President
ADELINA BLANCO-HARVEY, Trustee
JUSTIN BROWN, Trustee
CAROL EASON, Trustee
BAILEY JEFFRIES, Student Member

WILLIAM K. LLOYD, PH.D.

Superintendent of Schools
516-560-8824 • FAX 516-414-5675
E-MAIL: wllloyd@uniondaleschools.org

ADMINISTRATION

RHONDA A. TAYLOR
Assistant Superintendent for Curriculum and Instruction
516-560-8825 • FAX 516-560-8917
MYRTLE E. DICKSON, PH.D.
Assistant Superintendent for Human Resources
516-560-8822 • FAX 516-560-8927
STEVEN M. EPSTEIN
Assistant Superintendent for Business Affairs
516-560-8801 • FAX 516-918-1071

DISTRICT CLERK

ONISHA NICHOLS
516-560-8945 • FAX 516-918-1060

Oktòb 2019

Chè Paran:

Lè nou anile klas pou jounen an oswa nou bay reta nan ouvèti klas yo paske gen move tan oswa gen lòt sitiyasyon ijans, n ap fè yon notifikasyon, sa vle di ke n ap voye a travè sistèm Mesaj Distri a yon anons k ap repete plizyè fwa nan estasyon radyo WHLI - 1100 AM, KJOY 98.3 FM, WMJC 94.3 FM, B103 103.1 FM, WGBB 1240 Nouvèl 12 Long Island ak FiOS 1 News. N ap afiche Fèmti / Reta yo sou sit wèb la distri a ki nan: <http://district.uniondaleschools.org>.

Lè gen move tan oswa gen kondisyon ijans akòz de tan an, m ap detèmine si ouvèti lekòl yo pral anreta. Si yo detèmine ke kondisyon tan an pral amelyore ase pou pèmèt elèv yo ak anplwaye yo rive a san danje, M ap otorize yon **reta de 2 èdtan** nan kòmansman jounen lekòl la. Altènativ sa a olye de fèmen lekòl yo, banou plis fleksibilite pou satisfè kondisyon 180 jou minimòm nan ane eskolè a.

Yon reta ouvèti 2 èdtan pa sèlman bay distri a tan ki nesèsè pou asire sekirite ak netwayaj lanèj nan tout paking lekòl yo ak tout twotwa yo, li pèmèt elèv yo ki mache vinlekòl, otobis ak anplwaye yo rive san danje. Yon ouvèti anreta ka chanje si tan oswa kondisyon wout yo rete menmjan. Mwen kenbe opsyon pou fèmen lekòl yosi sitiyasyon tan an rete danjere.

Desizyon pou ouvèti lekòl anreta ap fèt vè zòn 5:45 am oswa pi bonè.

Si lekòl yo ap ouvèti anreta, n ap avèti nou pa system telefòn pou ijans la, menm fason ak si lekòl yo ta dwe fèmen pou jounen an.

Yon ouvèti anreta vle di:

1. Tout pwogram ak aktivite avan lekòl ouvèti nan maten pral anile.
2. Klas yo ap kòmanse 2 èdtan pita de lè nòmal yo (wè detay pi ba a) epitou y ap bay transpò otobis dezè de tan (2 èdtan) pita pase pickup nòmal pou tout distri a ak lekòl prive yo.
3. Tout anplwaye, eksepte travayè bilding yo, ap rapòte yo pi pre tan nòmal yo ke posib, men pa pita pase lè ke nou note note anba a:

School	Regular Starting Time	Delayed Starting Time
Uniondale High School	7:25 AM	9:25 AM
Lawrence Road Middle School	8:00 AM	10:00 AM
Turtle Hook Middle School	8:00 AM	10:00 AM
California Avenue Elementary School	8:40 AM	10:40 AM
Grand Avenue Elementary School	8:40 AM	10:40 AM
Northern Parkway Elementary School	8:20 AM	10:20 AM
Smith Street Elementary School	8:40 AM	10:40 AM
Uniondale Pre-K School	8:30 AM	10:30 AM
Walnut Street Elementary School	8:20 AM	10:20 AM

Lè otobis pran elèv yo: Yon reta de 2 èdtan pou ouvèti lekòl vle di ke orè otobis yo ap an reta de 2 èdtan tou. Pa egzanp, si otobis pitit ou a nòmalman pwograme pou rive nan estasyon otobis la a 7:30 am, yon reta 2 èdtan ap chanje tan an pou 9:30 am.

Manje midi nan lekòl yo: Manje midi yo ap disponib epitou n ap sèvi tout elèv nan peryòd manje midi yo regilyèman. Sepandan, nou pap sèvi manje maten.

Pwomnad: Pwomnad ki pwograme nan maten yon ouvèti anreta pral anile. Dapre desizyon direktè lekòl la, pwomnad ki tonbe san danje nan mitan jounen an ak ka kontinye. Sepandan, pwomnad pral anile si wout oswa move tan an kontinye epitou si wout yo rete danjere.

Orè: Ouvèti anreta lekòl yo bay yon reta de (2) èdtan. Orè ouvèti anreta se:

- **Lekòl Elemantè** - klas PreK-5 ap rapòte yo nan salklas yo a 10:20 oswa 10:40 am (depann de lekòl zòn nan). De la etan jou a kontinye nòmal.
- **Lekòl Middle School yo** - klas 6-8 ap rapòte yo nan salklasperiyòd 3 yo a 9:56 epitou y ap rete nan klas sa a jiska 10:29 am, apre, elèv yo pral nan period 4. De la etan jou a kontinye nòmal.
- **Lekòl segondè** (ayskoul) - klas 9-12 ap rapòte yo nan salklas peryòd 3 yo a 9:30 epitou y ap rete nan klas sa a jiska 9:48 am, apre, elèv yo pral nan period 4. De la etan jou a kontinye nòmal.

Lekòl prive ak lekòl pawasyal: lis fèmte lekòl la dwe konsilte pou detèmine si lekòl ou a louvri. Si lekòl ou a ouvè, w ap bezwen ajoute 2 èdtan nan lè nòmal pick-up la pou jou sa a.

Lekòl ak Pwogram BOCES yo: Pou enfòmasyon sou pwogram sa yo, tanpri revize enfòmasyon ou te resewa de BOCES pou pwogram pitit ou a oswa tcheke sit wèb BOCES la.

Sistèm Notifikasyon Ouvèti Anreta:

Anplis de w ap resewa yon apèl nan telefòn otomatik ki fonksyone nan sistèm Notifikasyon Lekòl distrik la, w ap jwenn aksè a enfòmasyon ki soti nan sit entènèt distrik la ki nan <http://district.uniondaleschools.org>, estasyon radyo ak televizyon ki ekri anba a banou enfòmasyon ak anons si ap gen ouvèti lekòl yo anreta.

WCBS 880 AM WALK 97.5 FM	WINS 1010 AM WBAB 102.3 FM	WGBB 1240 AM WKJY 98.3 FM	WHLI 1100 AM News 12, FIOS 1
-----------------------------	-------------------------------	------------------------------	---------------------------------

PI gwo priyorite nou se sekirite elèv yo.

Mèsi anpil,

Dr. William K. Lloyd
Superintendent